



Pou Piblikasyon Imedya: 10/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI SELEBRE MWA ERITAJ PÒTORIKEN NAN ETA NEW YORK

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye yon [pwoklamasyon](#) ki selebre Mwa Eritaj Pòtoriken (Puerto Rican Heritage Month) nan Eta New York. Obsèkans pandan yon mwa a pral rekonèt patenarya solid ki dire lontan ant Eta New York ak Pòtoriko epi mete aksan sou kontribisyon enpòtan moun ki gen desandan Pòtoriken nan eta a. Pwoklamasyon an rekonèt tou enpak siklòn Fiona, ki te frape zile a nan mwa septanm ki sot pase a, ak sipò kontinyèl, pwovizyon, ak lòt efò sekou pou moun nan Pòtoriko ak gouvènman li an.

Ak youn nan pi gwo popilasyon Pòtoriken nan nasyon nou an, New York gen yon istwa rich ak yon koneksyon long ak moun Pòtoriko yo. **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou deziyen Novanm kòm Mwa Eritaj Pòtoriken, n ap onore ak selebre kontribisyon depi lontan kominote Pòtoriken atravè eta a nan tout domèn - biznis, atizay ak kilti, syans ak teknoloji, atletik, sèvis piblik, ak plis ankò."

Obsèkans chak ane Mwa Eritaj Pòtoriken an pral mete aksan sou tradisyon ak koutim kominote Pòtoriken an, ansanm ak reyalizasyon li yo isit la nan New York, atravè Etazini, ak nan Pòtoriko. Selebrasyon ki dire yon mwa pral mete aksan sou kontribisyon kominote Pòtoriken yo atravè New York sou devlopman sosyal, kiltirèl, ak ekonomik eta ak nasyon an ak fason yo te etabli fondasyon vital solid nan katye Vil New York yo ak atravè eta a.

Pwoklamasyon an te rekonèt tou enpak devastatè Siklòn Fiona sou zile a ak rezistans ke Pòtoriken yo te montre apre sa. Depi Siklòn Maria, New York te ede Pòtoriko jwenn plizyè milya dola nan finansman federal nan men FEMA pou retabli ak rekonstwi enfrastrikti enèji zile a, anplis ke NYPA ap fè evalyasyon teknik santral elektrik ak sou-estasyon nan zile a. Apre siklòn Fiona, ki se pi move tanpèt ki te frape zile a depi apre siklòn Maria, Gouvènè Hochul te anonse [mezi Eta New York yo](#) pou ede Pòtoriko nan efò sekou yo. Efò sa yo ranfòse davantaj angajman long dat New York pou ede Pòtoriko nan rekonstriksyon ak rekiperasyon li.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418